

## BAB V

### KACINDEKAN JEUNG RÉKOMÉNDASI

#### 5.1. Kacindekan

Kasénian calung mangrupa salah sahiji kasénian nu aya di Kecamatan Majalaya Kabupatén Bandung. Kasénian calung nyaéta kasénian anu waditra utamana calung tur dibarengan ku waditra-waditra séjén saperti kendang, goong, rebab, jeung kecrék. Ieu kasénian téh mintonkeun kamonésan ngahaleuangkeun lagu-lagu, bodor, jeung réngkak nu rempeg dina luhur panggung.

Kasénian calung geus dipikawanoh saacanna, tur mimiti mekar di Kecamatan Majalaya dina taun 1969 nu dialpukahan ku Abah Adang Bendo salaku sesepuh seni calung Majalaya. Dina taun nu sarua geus ngadeg sababaraha grup kasénian calung di antarana: Lingkung Lembur, Paksi Wulung, Puranajaya, Lembur Kuring, jeung Cindé Wulung. Harita, Abah Adang Bendo mangrupa salah sahiji pamaén calung di grup Cindé Wulung. Garapan kasénian calungna nyaéta calung kaulinan, di mana lagu-lagu nu dipintonkeun téh lagu-lagu kaulinan atawa ayeuna mah remen disebut kakawihan kayaning lagu Sursér, Ayang-ayang Gung, Cingir, jrrd.. Kasénian calung ka dieunakeun beuki mekar. Ku lantaran Abah Adang Bendo ngadegkeun grup di Majalaya anu ngaranna grup Poréngés (Pokal réngréngan sanasib) dina taun 1982. Grup Poréngés béda ti grup-grup anu séjénna, bébédaanana téh dina lagu-lagu anu dibawakeunana nyaéta lagu-lagu anu berbau lawak atawa bodor. Ieu grup Poréngés téh jadi cikal bakalna grup-grup kasohor sa-Jawa Barat anu asalna ti Majalaya kayaning Dawala Grup jeung grup Gandari (ayeuna Gandari Kiwari). Alm. Darso muncul dina kasénian calung taun 1980-an. Alm. Darso nyieun inovasi dina kasénian calung nyaéta teu dipakéna calung jongjrong (jenglong) diganti ku waditra kendang. Lagu-lagu anu dibawakeunana ogé geus lain lagu-lagu kaulinan, tapi lagu-lagu anu dibawakeunana nyaéta lagu-lagu kawih. Kiwari kasénian calung anu dialpukahan ku Alm. Darso ieu remen disebut calung gaya Darso atawa calung kawih. Ku kamekaran jaman ayana téhnologi rékaman, kasénian calung mimiti asup ka dapur rékaman tur ayana média radio salaku sarana hiburan masarakat seni calung gaya Darso ieu leuwih dipikaresep ku masarakat. Sangkan seni calung ieu tetep aya tur

dipikaresep ku masarakat, antukna grup-grup calung anu aya di Jawa Barat téh ngiblata ka Alm. Darso. Éta pangaruh Alm. Darso masih kénéh dipaké nepi ka kiwari kaasup grup-grup anu aya di Majalaya ogé kapangaruhan.

Saméméhna mintonkeun kasenian calung, para pamaén calung ilaharna sok ngayakeun latihan heula. Latihan miboga tujuan sangkan nalika minton téh katémbong kakompakan antar pamaén calung di luhur panggung dina segi nakol calungna, réngkakna, atawa paguneman jeung bodor anu rék dibawakeun. Ieu latihan téh henteu miboga jadwal nu tangtu atawa rutin, lantaran para pamaén calung miboga pacabakan séwang-séwang anu séjén lian ti jadi seniman calung. Dina prakna mintonkeun kasenian calung kabagi aya tilu tahapan, nyaéta anu mimiti bubuka di mana pingpinan grup calung atawa dalang muka pintonan calung ku nepikeun sababaraha hal anu dituluykeun kana nabeuh gending bubuka. Anu kadua aya kagiatan inti nyaéta para pamaén calung mintonkeun kamonésanana dina ngaheulangkeun lagu-lagu dipirig ku calung jeung waditra séjénna, bobodoran, jeung réngkak dina luhur panggung. Ieu pola pintonan téh sok disebut *calawak* (calung lagu lawak). Anu pamungkas nyaéta panutup, dalang atawa pingpinan grup nutup pintonan calung ku cara pamitan ka para panongton jeung nu boga maksud dituluykeun kana gending atawa lagu Mitra.

Anu jadi bébédaanana antara seni calung nu aya di Kecamatan Majalaya jeung wewengkon séjénna nyaéta waditra calung anu dipakéna mangrupa waditra calung hasil inovasi tur kolaborasi antara calung jingjing jeung calung rénténg anu diciptakeun ku Abah Dedi Gandari. Lian ti éta, dina bobodoranana aya tokoh bodor anu *iconic* nyaéta Abah Adang Bendo jeung Téh Inong anu dina bobodoranana mawakeun kamonésan dina ngaréka basa, saperti bobodoran anu murwakanti.

Dina kasenian calung di Kecamatan Majalaya kasampak ajén-inajén budaya, nyaéta:

- 1) hakékat hirup, cara nyanghareupan kahirupan sangkan teu pikasediheun ku cara ihtiar sarta usaha pikeun hirupna jadi leuwih hadé, tur ngajadikeun ieu kasenian calung teu ngan saukur kasenian tradisional sarana hiburan tapi bisa jadi hal anu *komérsial*;

- 2) hakékat karya, anu nuduhkeun yén éksisténsi kasenian calung aya kulantaran aya nu nyiptakeunana, hartina kasenian calung mangrupa hasil karya ti masarakat Kecamatan Majalaya sarta méré kalungguhan ka masarakat Kacamatan Majalaya salaku masarakat anu masih kénéh ngaraksatur ngariksa kabudayaan titinggal karuhunna;
- 3) hakékat kalungguhan manusa kana ruang jeung waktu, ieu hal katitén tina gelarna kasenian calung ti mangsa ka mangsa nu diturunkeun sacara turun tumurun ti generasi ka generasi, nuduhkeun yén kasenian calung mangrupa hasil karya nu diciptakeun ti mangsa nu geus kaliwat pikeun masarakat dina mangsa nu bakal datang moal poho kana titinggal karuhunna;
- 4) hakékat hubungan manusa jeung alam sabudeureunana, nuduhkeun yén manusa salaku mahluk ciptaan Allah miboga kalungguhan nu leuwih luhur sarta leuwih mulia batan mahluk séjénna, tuluy babarengan, ngajaga, ngamangpaatkeun alam sangkan bisa nyumponan kabutuhan manusa éta sorangan; jeung
- 5) hakékat hubungan manusa jeung sasama manusa, hartina dina ngalakonan kahirupanana manusa mikabutuh manusa séjénna pikeun ngahontal tur nyumponan tujuan hirupna, sarta manusa moal bisa hirup sosorangan.

Disagédéngeun ti éta fungsi kasenian calung ngawengku:

- 1) fungsi kognitif anu nuduhkeun yén kasenian calung méré informasi naon nu dipikanyaho ku seniman ngeunaan sagala hal anu aya di sabudeureunana;
- 2) fungsi éstétika anu nuduhkeun yén dina kasenian calung nyampak kaéndahan boh éta dina takolna waditra-waditra anu *harmonis* boh bobodoran jeung réngkak anu rempeg dina luhur panggung;
- 3) fungsi prognosis anu nuduhkeun yén palaku seni calung méré gambaran ngeunaan mangsa anu bakal datang sangkan kasenian calung teu laas palias ku mangsa;
- 4) fungsi rékréatif anu nuduhkeun yén kasenian calung miboga fungsi hiburan boh hiburan pikeun pamaén calungna sorangan boh jang nu nongtonna;

- 5) fungsi ajén anu nuduhkeun yén kasenian calung téh mintonkeun hiji karya seni anu dijerona miboga ajén-inajén anu luhung pikeun ngungkulan masalah-masalah dina kahirupan manusa; jeung
- 6) fungsi didaktif anu nyebutkeun yén ngaliwatan seni calung, seniman atawa palaku seni calung bisa nepikeun pesen atawa amanat ka nu nongton.

## 5.2. Rékoméndasi

Hasil tina ieu panalungtikan téh dipiharep bisa leuwih ngeuyeuban pangaweruh ngeunaan kasenian nu aya di Jawa Barat hususna kasenian calung. Nilik kana hasil panalungtikan, masih kénéh aya pasualan-pasualan ngeunaan kasenian calung nu can kaguar ku panalungtik. Dipiharep aya panalungtikan-panalungtikan satuluyna anu ngaguar pasualan-pasualan nu can kungsi dipedar dina ieu panalungtikan. Pikeun pihak anu anclub dina widang kabudayaan dipiharep bisa ngarojong kana kasenian calung ku cara ngadokuméntasikeun jeung ngarévitalisasi pikeun kapentingan-kapentingan saperti atikan, pariwisata, sarta salaku kesenian anu miboga pangajaran (édukasi) ngeunaan kabudayaan. Pikeun pamaréntah hususna Pamaréntah Kabupatén Bandung, ieu kasenian téh mérlukeun panitén nu leuwih lantaran kasenian calung téh salaku kabudayaan daérah sangkan bisa tuluy mekar sarta dipikawanoh ku masarakat umum. Pikeun masarakat hususna masarakat Kecamatan Majalaya kudu aya tarékah anu leuwih dina ngajaga jeung mekarkeun ieu kasenian calung salaku titinggal karuhun sangkan teu leungit laas palias ku mangsa.